Kesyonè sou Eksperyans Negatif nan Anfans (ACE)

Dekouvri Nòt ACE ou

Lè ou t ap grandi, pandan 18 premye ane nan lavi w:

1. Èske yon paran oswa lòt adilt nan fwaye a **souvan** …Te di w betiz, joure w, rabese w oswa imilye w?
oswa
Aji nan yon fason ki te fè w pè paske w te panse ou ta ka blese fizikman?

2. Èske yon paran oswa lòt adilt nan fwaye a **souvan** …Te pouse w, rale w ak fòs, ba ou kalòt oswa tire yon bagay sou ou?
oswa
Janm te frape w tèlman fò ke mak te rete sou po w oswa ou te blese?

3. Èske yon adilt oswa yon moun ki gen omwen 5 lane anplis ou te **janm**…Touche w oswa karese w oswa mande w touche kò li nan yon fason ki seksyèl?
oswa
Eseye fè oswa te reyèlman fè sèks oral, anal oswa vajinal avèk ou?

4. Èske ou te **souvan** santi ke…
Okenn moun nan fanmi w pa t renmen w oswa pa t panse ou te enpòtan oswa espesyal?
oswa
Fanmi w pa t veye youn sou lòt, pa t santi yo pwòch youn ak lòt oswa pa t sipòte youn lòt?

5. Èske ou te **souvan** santi ke …Ou pa t gen ase manje pou manje, te oblije abiye ak rad ki sal e ke ou pa t gen pèsòn pou pwoteje w?
oswa
Paran w te twò sou oswa sou enfliyans dwòg pou yo te pran swen w oswa pou yo mennen w kay doktè si ou te bezwen sa?

6. Èske paran w te **janm** separe oswa divòse?

7. Èske manman w oswa bèlmè w:
Yo te **souvan** pouse l, rale l fò, ba l kalòt oswa yo te tire bagay sou li?
oswa
Pafwa oswa souvan yo te ba l koutpye, mòde l, ba li koutpwen oswa frape l ak yon bagay ki di?
oswa
Te **janm** pran kou plizyè fwa pandan omwen kèk minit oswa yo te menase l ak yon zam oswa yon kouto?

8. Èske ou te viv ak yon moun ki te toujou ap bwè alkòl oswa ki te tafyatè oswa ki te konsome dwòg ilegal yo?

9. Èske yon manm nan fwaye w te soufri depresyon oswa maladi mantal oswa èske yon manm nan fwaye w te eseye touye tèt li?

10. Èske yon manm nan fwaye w te ale nan prizon?

Kounye a, adisyone kantite repons total ki se "Wi": Sa a se Nòt ACE ou

© 2025 ZERO TO THREE. Tout dwa rezève.